



Pou Piblikasyon Imedya: 08/21/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSTANSYON SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ POU JÈN NEW YORK YO KI GENYEN ESKIZOFRENI

***Pwogram \$6.75 Milyon ouvè nouvo lokasyon nan Buffalo, Long Island, Vil New York, ak Syracuse; sit adisyonèl prevwa pou Albany, Rochester, ak Vil New York nan fen 2015***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Biwo Sante Mantal Eta New York ap elaji pwogram ki bay sèvis ki pi nesèsè pou jèn adilt yo ki gen nouvo sentòm sikòz ki fenk ap parèt. Moun yo dyagnostike avèk eskizofreni jeneralman eksperimante premye epizòd sikoz yo nan jèn adilt. Avèk \$6.75 milyon nan fon anyèl aktyèl federal ak eta, Biwo Sante Mantal la te devlope pwogram OnTrackNY, ki bay tretman sikyatrik, travay, sèvis edikasyon ak sipò pou jèn adilt yo nan tout Eta New York.

“Entèvansyon bonè ka sove lavi, e avèk finansman sa a nap anmezi pou atenn plis jèn adilt ki gen maladi mantal sou wout pou yon tretman konplè,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen remèsye patnè federal ak eta nou yo paske yo te travay avèk nou pou garanti finansman sa a epi asire ke plis Nouyòkè pral jwenn sèvis yo merite.”

Pwogram sa a ofri resous ki nesèsè pou ede jèn New York yo ki gen difikilte avèk maladi mantal pou yo pran kontwòl sante yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Menm jan avèk anpil maladi, entèvansyon bonè ka sove lavi, e lè nou etann aksè a sèvis sa yo, nap ede jèn Nouyòkè sa yo pou retounen sou wout pou yon tretman konplè.”

OnTrackNY te kòmanse avèk [lokal](#) nan Brooklyn, Manhattan, Queens, ak Yonkers; sa ki sèvi apeprè 160 jèn a nenpòt kilè. Biwo Sante Mantal la kounye a te elaji pwogram sa a nan senk nouvo lokal, nan Buffalo, Farmingville, Syracuse ak de lòt nan Manhattan, ki pral sèvi 175 jèn antou. Twa lòt sit adisyonèl OnTrackNY aktyèlman an devlopman pou Albany, Rochester, and Vil New York e planifye pou plis etann pwogram nan avèk resous ki egziste deja ki an devlopman.

Yo estime ke preske 3,000 rezidan New York devlope eskizofreni chak ane, si li pa trete sa ap kondwi a yon kantite pwoblèm enpòtan, enkli pwoblèm nan lekòl ak travay, relasyon fanmi fòse, ak elwayman zanmi. Eskizofreni ki pa trete ka kondwi a pwoblèm tankou sanzabri, anprizonman ak abi sibstans, pwobabilite ki genyen pou pwolonje si

sikoz la pa trete. Anpil fwa, eskizofreni ki pa trete kondwi a andikap ki egzije depans imen difisil sou moun yo ansanm avèk fanmi yo, ansanm avèk depans finansye enpòtan, ak sistèm sèvis sosyal swen sante.

Kòmanse nan 2013, pwogram OnTrackNY te bay yon apwochè ekip ki baze sou evidans, inovasyon pou bay tretman rekiperasyon oryante a jèn moun yo ki pa twò lontan de sa te kòmanse eksperimente sentòm sikotik. OnTrackNY ede jèn adilt yo ki fenk devlope twoub sikotik pou reyalize objektif yo pou lekòl, travay, ak relasyon sosyal. Pwogram sa a swiv prensip swen ki enkli pran desizyon pataje, anviwonman senpatik ak akeyan pou jèn yo, ansanm avèk koneksyon ak sèvis sante mantal fleksib ak aksesib.

“Grasa idantifikasyon bonè ak entèkansyon atravè pwogram tankou OnTrackNY, nou anmezi pou diminye pètibasyon ak soufrans ke jèn moun sa yo andire ansanm avèk fanmi yo. Ekspansyon OnTrackNY pral devlope sou siksè pwogram yo ki egziste deja epi ogmante aksè a disponibilite swen sikyatrik ki baze sou kominote nan tout Eta New York.” te deklare Komisyonè Biwo Sante Mantal Eta New York Dr. Ann Marie T. Sullivan, M.D.

Senatè Charles Schumer te deklare, “Pwogram OnTrackNY la se yon resous enpòtan pou Nouyòkè yo ki gen maladi mantal grav. Sa a se yon ekspansyon ki nesèsè anpil pou asire ke rezidan ki pi vilnerab nou yo jwenn swen ak tretman yo merite,” te deklare Senatè Schumer. “Nou ta dwe kontinye investè nan pwogram pou asire ke chak Nouyòkè gen swen yo bezwen.” – Senatè Etazini Charles E. Schumer.

Depite Carolyn Maloney te deklare, “Entèkansyon ak tretman bonè esansyèl pou jèn moun yo kap souffri avèk maladi mantal grav tankou eskizofreni. Ekstansyon pwogram OnTrackNY pral pèmèt plis moun benefisye sèvis pou sove lavi, epi evite pwoblèm tankou sanzabri ak anprizonman ki souvan toumante sila yo ki pa resewa bon jan kalite tretman. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li, e mwen pral kontinye sipòte finansman federal enpòtan pou Biwo Sante Mantal la.”

Depite Brian Higgins te deklare, “Ouvri yon lokal OnTrackNY nan Buffalo pral pote yon pwogram swen sante nan Lwès New York ki deja bay siksè nan lòt zòn yo nan eta. Investisman konbine federal ak eta pral bay sèvis konplè enpòtan pou jèn moun yo ansanm avèk fanmi yo kap aprann kijan pou jere pwoblèm sante mantal, pèmèt yo navige relasyon ak edikasyon ak objektif karyè pou mennen yon vi byen ranpli.”

Depite Lee Zeldin te deklare, “Li esansyèl ke rezidan Long Island ansanm avèk fanmi yo gen aksè a bon jan kalite swen sante mantal, espesyalman jèn nou yo ki nan bezwen. Mwen fyè dèske m rejwenn Gouvènè Cuomo pou anonse ekstansyon tretman pou fanmi sa yo ki afekte pa maladi mantal nan Konte Suffolk. Ekstansyon pwogram sa a, ki santre sou deteksyon bonè, ap ede akselere pwosesis idantifikasyon ak tretman epi sipò pi bonè pou sila yo kap souffri.”

Biwo Sante Mantal Eta New York ak Abi Sibstans Etazini ansanm avèk Administrasyon

Sèvis Sante Mantal finanse OnTrackNY.

**Pou w jwenn plis enfòmasyon sou OnTrackNY, tanpri vizite:**

<http://practiceinnovations.org/CPIInitiatives/OnTrackNY/tabid/202/Default.aspx>

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418